



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO TE LANSE TWAZYÈM ETAP NOUVO PWOGRAM ENTÈNÈT  
RAPID NEW YORK LA (NEW NY BROADBAND)**

***Etap III a Sible Tout Kominote ki Rete Atravè Eta a ki Manke Aksè a Entènèt Rapid  
Debi Aktyèlman***

***Gid pou Demann Pwopozisyon ak Lis Blòk Resansman ki Kalifye pou Etap III a  
Disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, lansman Demann Pwopozisyon (Request for Proposal, RFP) pou Etap III Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York la (New NY Broadband Program), dènye etap finansman pou sekirize entènèt wo debi pou tout Nouyokè nan fen ane 2018 la. Etap III a sible tout zòn ki mal desèvi ki rete yo atravè eta a, k ap chèche founi aksè a entènèt rapid debi a menm kominote ki pi riral nan Nò Eta a yo.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Entènèt wo debi enpòtan anpil pou kominote nou yo e li asire ke tout New York ka fè konpetisyon nan ekonomi global la. Ak etap twa sa nan Pwogram Entènèt Rapid New York nan, n ap ede asire aksè a entènèt wo debi nan chak kwen eta sa, k ap pèmèt Nouyokè yo, kèlkeswa kote yo ye nan Eta Anpi ke yo rele lakay yo, ka jwenn Wo Debi reyèlman pou tout moun.”

Y ap chwazi benefisyè Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York la atravè yon pwosesis metodolojik “lisitasyon envèse”, ki bay priorite a moun k’ap fè òf k’ap chèche pi piti montan investisman eta A pou chak nouvo kay yo bay sèvis. Chak RFP Biwo Pwogram Wo Debi (Broadband Program Office, BPO) a emèt te genyen ladan l rafinman ak amelyorasyon ki te pèmèt BPO a konsevwa yon pwosesis lisitasyon inovan atravè eta a, prezève fon eta yo epi atire deplwaman entènèt rapid debi ki solid epi rantab. Atravè pwosesis global twa etap RFP sa yo, eta a ap chèche reyalize objektif fondamantal li ki se pou bay aksè a entènèt rapid ki gen siyal ki fò pou tout moun.

Biwo Pwogram Wo Debi a te mete gid pou RFP Etap III yo disponib e l ap kòmanse aksepte aplikasyon pou finansman entènèt rapid debi sou pòtay Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application) a apati 6 Jwèn 2017, e aplikasyon yo dwe soumèt nan dat 15 Out 2017. Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York nan fikse yon kondisyon pou sèvi yon objektif, ki se: vitès telechajman 100 Mbps, ak 25 Mbps

akseptab nan pifò zòn lwen ak zòn riral yo.

Etap III a ap divize an de pwosesis lisitasyon similtane, separe, ki ansanm, ap sible tout rès zòn ki mal desèvi ki rete nan eta a. Y ap abòde pifò kote nan Etap III a atravè “Lisitasyon New York”, ki fasone apre de etap anvan e k ap fèt sèlman ak finansman eta a. Anplis, “Lisitasyon CAF New York” (“New York CAF Auction”) ap konsantre sou zòn ki rete yo, ki kalifye pou 170 milyon dola nan Fon Koneksyon Amerik (Connect America Funds, CAF) la ke Komisyon Kominikasyon Federal (Federal Communications Commission, FCC) [te alwe sa pa gen lontan](#) bay Eta New York.

Yon amelyorasyon ki enpòtan nan RFP Etap III an se le yo mete fon federal ki koresponn nan - ki pèmèt zòn ki kalifye yo reyalize pwojè entènèt rapid debi yo ak fon eta ak kapital federal yo. Finansman federal CAF la ap pèmèt pou fasilite objektif Pwogram nan, nan zòn sa yo, k ap founi lòt resous ki nesèsè pou atenn entènèt rapid debi pou tout moun.

RFP ki lanse a vini imedyatman apre finansman Etap II Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York lan, k ap atire 268 milyon dola nan investisman piblik-prive epi sipòte plis pase 50 pwojè k ap atenn anviwon 89,500 kay ak enstitisyon ki mal desèvi nan kominote defavorize yo. Finansman Etap II yo ansanm ak konstriksyon ak modènizasyon Eta New York nan entènèt rapid debi nan Rejyon Nò Eta a, ap asire ke 98 pousan Nouyokè gen aksè a entènèt rapid debi, vitès rapid ki nesèsè pou reyisi nan yon ekonomi modèn.

**Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te deklare:** “Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York nan se youn nan efò ki pi enpòtan eta a te fè sou direksyon Gouvènè Cuomo, k ap atire dè santèn milyon dola nan enfrastrikti entènèt rapid debi atravè Rejyon Nò Eta New York. Etap sa ap ede kreye yon eta ki entèkonekte pandan l ap ranfòse epi devlope ekonomi inovan nou an.”

**Vis Prezidan Egzekitif Entènèt Rapid ak Inovasyon nan Empire State Development, Jeffrey Nordhaus, te deklare:** “Etap III nan Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York lan ap chèche atenn tout rès kay ak kominote ki toujou bezwen sèvis yo. Nou atann pou n travay ak tout patnè ak asosye ki angaje nou yo nan etap finansman ki enpòtan anpil pou enfrastrikti entènèt rapid debi sa.”

Lis Blòk Resansman ki kalifye pou Etap III a yo, disponib [isit la](#). Blòk Resansman ki te benefisye nan etap anvan Pwogram nan disponib [isit la](#). Blòk Resansman yo regwoupe pa konte pou kapab detèmine kote ekspansyon yo pral fèt.

### **Enfòmasyon sou Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York**

Rekonèt enpòtans enfrastrikti entènèt rapid epi ajoute sou investisman Eta anvan yo nan deplwaman entènèt rapid, Gouvènè Andrew M. Cuomo an 2015, ak sipò lejislatif, te etabli Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York 500 milyon dola an. Pwogram lan bay Eta New York finansman sibvansyon pou kapab sipòte pwojè yo ki ap bay aksè a Entènèt a wot vitès nan zòn ki Pa Desèvi epi ki Mal Desèvi yo nan Eta a, ak priorite nan zòn ki Pa Desèvi yo, Bibliyotèk, ak Sant Opòtinite Edikatif yo.

Yon zòn ki “Pa Desèvi” defini kòm yon zòn kote vitès telechajeman Entènèt ki pi rapid ki komèsyalize ki disponib ki ofri pa yon founisè ki baze sou liy yo li se mwens ke 25 Mbps. Yon zòn ki “Mal Desèvi” defini kòm yon zòn kote sèvis entènèt rapid yo disponib sèlman nan yon founisè ki baze sou liy yo ki gen vitès telechajeman Entènèt ki komèsyalize ki ant 25 Mbps ak 99 Mbps. Pwogram lan se pi gwo pwogram ak pwogram ki pi anbisyè nan envestisman eta a nan entènèt rapid nan nasyon an, ak yon objektif pou reyalize aksè a entènèt rapid atravè eta a nan New York apati fen 2018.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418